

Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO RESEVWA PLIS PASE 100 SOUMISYON
INISYAL POU KONPETISYON KORIDÒ SKYWAY BUFFALO A**

***ESD ap egzamine soumisyon yo; y ap envite jiska 20 patisipan nan 1ye Pati an
pou yo kontinye nan 2yèm Pati an***

***Pwopozisyon konsepsyon gayan an ap resevwa 100,000 dola, dezyèm plas la ap
resevwa 50,000 dola epi twazyèm plas la ap resevwa 25,000 dola***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse peryòd soumisyon nan 1ye Pati an pou Konpetisyon Koridò Buffalo Skyway la te fèmen nan Vandredi, epi Empire State Development te resevwa plis pase 100 soumisyon soti nan diferan zòn nan New York ak toupatou nan Etazini, ak menm kèk pwopozisyon entènasyonal soti nan Kanada, Itali, Lend ak Lachin. Konpetisyon an bay moun oswa ekip ki reprezante pi bon konseptè iben yo, ekonomis yo, planifikatè yo, ak achitèk yo defi pou yo repanse koridò a, ede defini yon vizyon klè pou bò dlo Vil Buffalo a, bay enfòmasyon sou direksyon ki pou pran an pou envestisman nan kreyasyon espas ak opòtinite devlopman ekonomik.

"Nou resevwa repons soti toupatou nan peyi a ak lòt kote pou ide kreyatif ki repanse koridò Syway la epi pwopoze jan inovatè k ap bon pou kominote Buffalo a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yon nouvo vizyon pou koridò Skyway la se ap dènye pa devan an pou kontinye revitalizasyon ak relèvman Buffalo a, epi nou pa ka tann pou nou egzamine pwopozisyon ki kapab fè l vin yon reyalite."

"Konpetisyon konsepsyon Skyway inovatè nou an pral ede ajoute nan transfòmasyon remakab bò dlo Buffalo a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Avèk plis vizitè k ap vini bò dlo nou an, nou dwe repanse lavni epi eksplwate nouvo ide pou bezwen transpò yo jodi a ak demen. Soumisyon inisyale sa yo se yon trè bon kòmansman pou inisyativ enpòtan sa a."

Patisipan yo ap gen defi pou yo bay solisyon yo ta kapab egzekite san sa pa koute twò chè, ki fezab epi ki kapab akonpli teknikman, sitou nan sa ki gen pou wè avèk akomode sikilasyon yo prevwa a. Pwopozisyon konsepsyon gayan an ap resevwa yon pri 100,000 dola, dezyèm plas la ap resevwa 50,000 dola epi twazyèm plas la ap resevwa 25,000 dola. Y ap anonse gayan yo an Septanm.

Pwosesis la gen ladan yon soumisyon an de pati. 1ye Pati an, ki fèmen kounye a, egzije pou repondan yo bay yon vi jeneral sou ide yo a ak kijan li abòde objektif ak kontrent prensipal yo nan konpetisyon an nan yon fòmilè demann. Y ap evalye soumisyon yo nan jan yo reponn bi konpetisyon an, kompleksite teknik yo, ak fezabilite yo.

Y ap envite jsika 20 patisipan nan 1ye Pati an yo detèmine ki reponn faktè evalyasyon yo pou yo fè yon soumisyon nan 2yè Pati an, ki pral ouvè nan Lendi, 15 Jiyè. Kondisyon yo pou soumisyon nan Pati 2 an ap gen ladan yo yon pwopozisyon teknik konplè ak desen fini, ki apwopriye pou prezantasyon nan galri.

Yo rasanble yon jiri ekspè pou jije soumisyon yo nan 2yèm Pati an epi yo pral tande finalis yo nan kad yon aktivite pou seleksyone twa gayan pri yo. Manm yo nan jiri an pral konsidere faktè tankou: kou yo pou reyalize ak finanse yon vizyon an patikilye; kijan yo kantifye avantaj yon vizyon epi demonstrasyon kijan y ap peze plis pase kou yo pou egzekisyon an; epi kijan plan an ta kapab akomode sikilasyon chak jou an nan lavni ant anbalavil la ak "Southtowns" yo, fobou yo ki nan sid vil la.

An Fevriye, Gouvènè Cuomo te anonse lentansyon li pou li òganize yon konpetisyon konsepsyon nasyonal pou mande pi bon ide yo pou yon nouvo vizyon pou Koridò Skyway ki la kounye a. Skyway la, yon otowout kat vwa ak aksè limite, pase sou yon longè sis kilomèt bò Rivyè Buffalo vil la ak bò dlo Lak Erie a, epi li gen prèske 40,000 machin ki pase sou li chak jou kòm yon pati nan sistèm otowout rejyonal la. Fini an 1953, Skyway la te fèt nan kòmansman pou relye sikilasyon kamyon soti nan plizyè gran ak ti konplèks faktori ak Pò Buffalo an avèk sistèm otowout ant eta a ki te tou nouvo lè sa a. Men avèk fèmti izin asye pi enpòtan yo nan rejyon an nan ane 1980 yo epi chanjman nan itilizasyon teren yo bò koridò a soti nan gwo fabrikasyon pou vin rekreyasyon, Skyway la ap sèvi an gran pati kounye a sikilasyon toulejou soti nan Southtowns yo.

Gouvènè Cuomo te deja anonse prezidan ak manm pànèl yo ki responsab jije konpetisyon an. Pànèl la ap gen nan tèt li Prezidan-Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan Howard Zensky, avèk 10 manm pànèl ki gen pami yo Majistra Buffalo a Byron Brown, Sekretè Deta New York la Rossana Rosado, ak ekspè lokal ak nasyonal nan domèn achitekti, konsepsyon, ibanis ak transpò.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)